



Pou Piblikasyon Imedya: 08/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO ADMINISTRE PLIS PASE 11 MILYON DÒZ
VAKSEN KONT COVID-19 NAN ETA NEW YORK**

Yo administre 223,154 dòz nan dènye 24 èdtan yo

Yo te bay plis pase 1.4 milyon dòz pandan sèt jou pase yo

*Jiskaprezan yo bay plis pase 2.5 milyon dòz ototal nan sit vaksinasyon an mas
Eta New York ap jere yo avèk asistans FEMA*

Plis pase 1 sou 3 Nouyòkè te resevwa omwen yon dòz

Plis pase 1 sou 5 konplètman vaksinen kounye a

*Tablodò Vaksen an pral ajou chak jou pou bay mizajou sou pwogam
vaksinasyon eta a; ale sou ny.gov/vaccinetracker*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke plis pase 11 milyon dòz vaksen COVID-19 te administre nan Eta New York. Yo te bay 223,154 dòz nan tout gwo rezo distribisyon eta a nan dènye 24 èdtan yo, epi yo te bay plis pase 1.4 milyon dòz nan sèt dènye jou yo. Jiskaprezan, gen plis pase 2,5 milyon dòz vaksen COVID-19 ototal yo te bay nan sit vaksinasyon an mas Eta New York ap jere yo avèk asistans FEMA.

"Tout Nouyòkè ki gen 16 ane ak plis kalifye kounye a pou jwenn piki a, men kalifikasyon se pa menm bagay ak aksesibilite, epi nou rete angaje pou pote vaksen an bay tout kominote nan eta nou an epi pou nou travay avèk lidè lokal yo pou fè li klè ke vaksen an san danje, epi nesèsè", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Chak piki mete nou yon pa pi pre limyè nan pwent tinèl la, epi se poutèt sa li enpòtan anpil pou tout moun pran vaksen. Pran vaksen montre ou sousye. Nan pran swen tèt nou se fason nou te kapab reziste ak anbiskad COVID la ane pase nan New York - epi se fason nou pral pote viktwa sou bèt sa yon fwa pou tout."

Gwo rezo distribisyon ak gran kantite popilasyon moun ki elijib yo nan New York lajman depase kantite apwovizyonman ki soti nan men gouvènman federal la. Piske founiti an limite, nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou.

Yo te mete zouti evalyasyon '[Am I Eligible](#)' (Èske Mwen Elijib) la ajou pou moun ki gen maladi kwonik ak pwoblèm ki akonpaye yo avèk nouvo randevou yo ki te pibliye sou yon baz kontinyèl pandan semèn k ap vini yo. Nouyòkè yo ka itilize sa ki annapre yo pou montre ke yo elijib:

- Lèt doktè, oswa
- Enfòmasyon medikal ki pwouve komòbidite a, oswa
- Sètifikasyon ki siyen

Chif pwogram vaksinasyon ki anba yo se pou dòz ki distribye epi livre nan New York pou pwogram vaksinasyon an, epi yo pa genyen ladan yo sa ki rezève pou pwogram Etablisman Swen Alontèm gouvènman federal la. Men yon repatisyon done sou baz kantite ki repòte bay Eta New York a 11 AM jodi a.

REPATISYON NAN TOUT ETA A

Total dòz yo administre - 11,092,454

Dòz total yo administre pandan 24 èdtan pase yo - 223,154

Dòz total yo administre pandan 7 jou pase yo - 1,436,749

Pousantaj Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 35.1%

Pousantaj Nouyòkè ki gen seri vaksen yo konplete - 22.3%

	Moun ki gen omwen yon dòz vaksen		Moun ki gen seri vaksen yo konplè	
Rejyon	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan
Capital Region	416,175	7,087	276,909	7,905
Central New York	356,329	5,724	248,826	5,885
Finger Lakes	435,234	8,291	281,192	6,723
Long Island	865,850	19,924	493,649	13,939
Mid-Hudson	727,384	18,638	424,308	14,128
Mohawk Valley	177,283	2,278	121,341	2,978
New York City	3,155,554	64,823	2,027,627	42,257
North Country	182,482	2,349	137,087	2,123
Southern Tier	234,763	4,660	151,615	4,829

Western New York	464,777	10,194	289,577	11,951
Nan tout Eta a	7,015,831	143,968	4,452,131	112,718

	1ye dòz yo livre konplètman bay Founisè New York yo	2yèm dòz yo livre konplètman bay Founisè New York	TOTAL	KIMILATIF
Semèn 1 Dòz k ap vini nan dat 12/14 - 12/20	163,650	0	163,650	163,650
Semèn 2 Dòz k ap vini nan dat 12/21 - 12/27	452,125	0	452,125	615,775
Semèn 3 Dòz k ap vini nan dat 12/28 - 01/03	227,395	0	227,395	843,170
Semèn 4 Dòz k ap vini nan dat 01/04 - 01/10	239,025	165,150	404,175	1,247,345
Semèn 5 Dòz k ap vini nan dat 01/11 - 01/17	221,315	119,925	341,240	1,588,585
Semèn 6 Dòz k ap vini nan dat 01/18 - 01/24	250,400	462,395	712,795	2,301,380
Semèn 7 Dòz k ap vini nan dat 01/25 - 01/31	260,150	239,525	499,675	2,801,055
Semèn 8 Dòz k ap vini nan dat 02/01 - 02/07	321,850	220,720	542,570	3,343,625

Semèn 9 Dòz k ap vini nan dat 02/8 - 02/14	320,000	244,500	564,500	3,908,125
Semèn 10 Dòz k ap vini nan dat 2/15 - 2/21	356,990	265,525	622,515	4,530,640
Semèn 11 Dòz k ap vini nan dat 2/22 - 2/28	393,530	305,780	699,310	5,229,950
Semèn 12 Dòz k ap vini nan dat 03/01 - 03/07	1,020,660	290,500	1,311,160	6,541,110
Semèn 13 Dòz k ap vini nan dat 03/08 - 03/14	618,880	526,415	1,145,295	7,686,405
Semèn 14 Dòz k ap vini nan dat 03/15 - 3/21	699,790	584,775	1,284,565	8,970,970
Semèn 15 Dòz k ap vini nan dat 03/22 - 3/28	828,000	737,080	1,565,080	10,536,050
Semèn 16 Dòz k ap vini nan dat 03/29 - 04/04	819,800	569,905	1,389,705	11,925,755

Pou ou detèmine si ou elijib ak pran yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas Eta a jere, ou ka vizite sitwèb ['Èske M Elijib \(Am I Eligible\)'](#) a. Nouyòkè yo kapab rele depatman sante, famasi, doktè, oswa lopital lokal yo pou yo jwenn plis enfòmasyon ak pou yo pwograme randevou yo kote vaksen yo disponib.

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodò a pou reflekte mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans investigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki elijib a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)